**SUMMARY.** This article examines the role of reading culture in society and individual life, effective methods for its formation, and modern approaches. It discusses ways to instill a love for books in students during the educational process, develop reading culture, and explores the role of family and school environments in this regard. Furthermore, the article provides suggestions for utilizing information and communication technologies to promote reading habits.

## MEKTEPKE ShEKEMGI JASTAǴÍ BALALARDA LOGIKALÍQ PIKIRLEWDI RAWAJLANDÍRÍW BOYÍNShA ALDÍŃǴÍ TÁJIRIYBELER (ShET EL MÁMLEKTLERI MÍSALÍNDA)

**A.Isnaddinova –** *tayanısh doktorant*

*Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri direktor hám qánigelerdi qayta tayarlaw hám olardıń mamanlıǵın asırıw institutı*

**Tayanch so'zlar:** mantiqiy fikrlash, maktabgacha ta'lim, o'yinga asoslangan ta'lim, xalqaro tajriba, kognitiv rivojlanish.

**Ключевые слова:** логическое мышление, дошкольное образование, обучение на основе игры, международный опыт, когнитивное развитие.

**Key words:** logical thinking, preschool education, play-based learning, international experience, cognitive development.

**Kirisiw.** Logikalıq pikirlew – bul balanıń pikirlewi, mashqalalardı sheshiwi hám túsinikler ortasındaǵı baylanıslılıqtı anıqlawǵa xızmet qılıwshı tiykarǵı kognitiv kónlikpe. Mektepke shekemgi (3-7 jas) jas balalar ushın bul dáwir miydiń jedel rawajlanıw basqıshı esaplanadı. Sonlıqtan, bul dáwirde logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwshı shınıǵıwlar áhmiyetli orın iyeleydi. Dúnya boyınsha mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemaları erte kognitiv rawajlanıwǵa úlken itibar bermekte hám logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwǵa tiykarlanǵan jantasıwlardı en jaydırıp atır.

**Ádebiyatlar analizi.** Mektepke shekemgi jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıw máselesi rawajlanıw psixologiyası hám mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawı sheńberinde keń úyrenilgen. J.Piajeniń kognitiv rawajlanıw teoriyası, tiykarınan 2-7 jastı qamtıp alıwshı "preoperacion basqısh" oyın, klassifikaciyalaw hám izbe-izlik túsinikleriniń logikalıq pikirdi qáliplestiriwdegi ornın atap ótedi. Piaje balalardıń intuitiv pikirlewden basqıshpa-basqısh logikalıq pikirlewge ótiw procesin ásirese, olar átirap-ortalıq penen óz ara tásirlengeninde qanday payda bolıwın túsindirip bergen [1].

Sońǵı jıllarda ótkerilgen izertlewler túrli pedagogikalıq modeller mektepke shekemgi jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewge qanday tásir kórsetiwin úyreniwge qaratılǵan. Mısalı, Finlandiya hám basqa Skandinaviya mámleketlerinde keń en jaydırılǵan oyınǵa tiykarlanǵan bilim beriw modeli balalarda sın pikirlew, ózin basqarıw hám mashqalalardı sheshiw kónlikpelerin qáliplestiretuǵınlıǵı dálillengen [2]. Finlandiyanıń erte tálim sisteması balanıń ǵárezsizligine, izleniwge hám tábiyiy ortalıqta úyreniwine úlken itibar qaratadı. Bul logikalıq pikirlewdiń tábiyiy qáliplesip barıwına járdem beredi.

Italiyadaǵı Reggio Emilia jantasıwı konstruktivistik teoriyaǵa tiykarlanǵan bolıp, balalardıń óz pikirlerin súwretler, qurılıs, qarım-qatnas sıyaqlı túrli formalar arqalı bildiriwine imkániyat jaratadı. Alıp barılǵan izertlewler Reggio mekteplerinde joybarlarǵa tiykarlanǵan hám sherikliktegi tálim balalardıń logikalıq baylanıslılıqtı ornatıwı, pikirlerin izbe-iz bayanlaw hám olardı tiykarlap beriw kónlikpelerin rawajlandıradı [3].

Aziya mámleketlerinde, tiykarınan Singapur hám Yaponiyada logikalıq pikirlewdi rawajlandırıw birqansha sistemalı jantasıwlar arqalı ámelge asırıladı. Singapurda erte bilimlendiriwde CPA (Konkret-Súwret-Abstrakt) modeli tiykarında sanlı túsinikler hám mashqalalardı sheshiw shınıǵıwları qollanıladı. Bul usıl balalardıń anıq qurallardan abstrakt pikirlewge ótiwin nátiyjeli qollap-quwatlaydı [4]. Yaponiyada mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri hár kúngi iskerlikke logikalıq jumbaqlardı qosıp baradı.

Ullı Britaniyanıń "Erte jastaǵı bilimlendiriw basqıshı" dástúri mashqalalardı sheshiw, logikalıq pikirlew hám matematikalıq iskerliklerdi mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń tiykarǵı quramlıq bólimleri sıpatında belgileydi. Oyın hám gúrrińler tiykarında logikalıq wazıypalardı integratsiya qılıw balalarda izbe-izlik, shamalaw hám klassifikaciyalaw sıyaqlı kónlikpelerdi rawajlandırıwǵa járdem beredi [5].

Logikalıq pikirlew mektepke shekemgi jasta sistemalı hám de izleniwge tiykarlanǵan jantasıwlar arqalı nátiyjeli ámelge asırıladı. Jantasıwlar mádeniyatqa qarap parıqlansa da, bulardıń bárshesi ámeliy qatnasıw, kontekstte úyreniw hám pikirlew procesin basqıshpa-basqısh jetilistiriwge tiykarlanǵan.

**Metodologiya.** Maqalada izertlew mektepke shekemgi jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwda paydalanılıp atırǵan usıllardı salıstırıwǵa qaratılǵan. Bunda maǵlıwmatlar shet el alımları tárepinen mektepke shekemgi jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan salıstırmalı izertlewler tiykarında úyrenip shıǵıldı. Maqseti túrli mámleketlerdegi pedagogikalıq ámeliyatlardı salıstırıw arqalı logikalıq pikirlewge tásir qılıwshı faktorlardı anıqlaw. Izertlew tiykarǵı 3 basqıshtan: qatnasıwshılardı tańlaw, maǵlıwmatlardı jıynaw hám jıynalǵan maǵlıwmatlardı analiz qılıwdan ibarat boldı.

Atı atap ótilgen mámleketlerden birneshe mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tańlap alınıp, bul túrli tálim ortalıqların salıstırıw imkániyatın bergen. Rásmiy túrde tán alınǵan mektepke shekemgi bilimlendiriwde oqıw dástúriniń bar ekenligi, mashqalalardı sheshiw hám logikalıq pikirlewge qaratılǵan iskerliklerdiń bolıwı, topar shınıǵıwlarına izertlewshilerdiń qatnasıwına ruxsat beriliwi sıyaqlı kriteriyalarǵa tiykarlanǵan halda izertlewler alıp barıladı.

Maǵlıwmatlardı jıynawda baqlaw, intervyu, hújjetlerdi úyreniw, sorawnama usıllarınan paydalanıladı. Topardaǵı alıp barılıp atırǵan shınıǵıwlar, toparlıq iskerlikler hám erkin oyınlar gúzetiledi. Pedagoglar hám ata-analar menen ótkerilgen sáwbetler arqalı olardıń logikalıq pikirlewdi oyınlar, gúrrińler hám topar tártibine qanday integraciya qılıp atırǵanlıǵı, sonday-aq bunda duslasıp atırǵan mashqalaları hám qollanıp atırǵan strategiyaları

anıqlanıladı. Shınıǵıw hám kúndelikli iskerliklerde qollanılatuǵın qurallar (basqatırmalar, kitaplar, vizual materiallar h.b) jıynalıp, olardıń balalar kognitiv rawajlanıwına tásiri úyrenilip shıǵıldı. Úyreniw juwmaǵında hár bir mámlekette balalardıń logikalıq pikirlewge tiyisli jantasıwlar óz ara salıstırılǵan, olardaǵı uqsaslıqlar hám parqlar anıqlandı.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Bul izertlew Finlandiya, Yaponiya, Italiya, Singapur hám Ullı Britaniya mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde tárbiyalanıwshılardıń logikalıq pikirlewin rawajlandırıwdıń ámeliy táreplerin úyreniwge qaratıldı. Izertlew dawamında hár bir mámleket boyınsha tómendegidey juwmaqqa kelindi.

**Finlandiya.** Oyınǵa tiykarlanǵan hám izleniwge baǵdarlanǵan shınıǵıwlar balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwda áhmiyetli rol oynaydı. Baqlawlar nátiyjesinde balalar qollar menen islew hám toparlıq birge islesiw arqalı mashqalalardı sheshiwge úyretilgen. Mısalı, tábiyat seyilinde balalarǵa japıraqlar yamasa taslardaǵı naǵıslardı anıqlaw tapsırılǵan. Bul arqalı olarda túrlerge bóliw hám naǵıslardı ajıratıw kónlikpesi rawajlandırıladı, tárbiyashılar balalardıń óz baqlawları tiykarında hawa-rayın shamalaw sıyaqlı real turmısqa tiyisli logikalıq pikirlew mısalları úyretip barıladı.

Oqıw ortalıǵında maslasıwshań hám kem strukturaǵa iye bolıp, balalarǵa qáteler arqalı tájiriybeler arttırıwǵa imkániyat beriledi. Tárbiyashılar jolbasshı sıpatında sorawlar berip, óz ara pikirlesiwdi xoshametlep baradı. Erkin oyın hám akademik shınıǵıwlar ortasındaǵı teńsalmaqlılıqtı saqlaw tárbiyashılar ushın qıyınshılıq tuwdırǵan.

**Yaponiya.** Yaponiya mektepke shekemgi tálim sisteması logikalıq pikirlewdi keńislikte oylaw hám naǵıslardı tanıw arqalı rawajlandırıp barǵan. Balalar tangramlar (rawajlandırıwshı oyın), basqatırmalar hám monshaqlı naǵıslar menen shuǵıllanǵan. Bul shınıǵıwlar izbe-izlikti túsiniw hám nátiyjelerdi aldınnan aytıw kónlikpesin jetilistiriwge xızmet etedi. Mısalı, balalar buyımlardı reń yáki kólemine qarap tártiplew yamasa gúrrińdegi waqıyalardı waqıt izbe-izligine kóre jaylastırıw shınıǵıwların islep baradı.

Tárbiyashılar balalardıń oylaw dárejesin esapqa alǵan halda wazıypalardı basqıshpa-basqısh quramalastırılıp barılǵan. Biraq hár bir balanıń rawajlanıw tezligine mas tapsırmalar beriw tárbiyashılar ushın ayırım qıyınshılıqlar mashqala tuwdırǵan.

**Italiya.** (Reggio Emilia jantasıwı) Reggio Emilia modeli balalardı kishi toparlarda islew joybarlardı rejelestiriw, ámelge asırıw hám analiz qılıwǵa baǵdarlaydı. Mısalı, balalar toparı birgelikte úy modeli qurıw joybarın ámelge asırǵan, bunda olar materiallar tańlawı, dizayn hám turaqlılıq sıyaqlı mashqalalardı sheshken. Bul proceste balalar óz pikirlerin súwret, sózler arqalı hújjetlestirip, logikalıq pikirlerde bildirgen hám jetilistirgen.

Tárbiyashılar balalar logikalıq pikirler arqalı óz pikirlerin tiykarlap beriwge urınıp atırǵanlıǵın dizimge alǵan. Biraq, hár bir joybar ushın kerekli resurslardı támiyinlew, olardıń individual ózgeshelikke mas keliwin támiyinlew qıyınshılıq tuwdırǵan.

**Ullı Britaniya.** "Erte jastaǵı bilimlendiriw basqıshı" dástúrinde gúrrińler hám rolli oyınlar arqalı mashqalalardı sheshiw hám logikalıq pikirlewge ayrıqsha itibar qaratıladı. Balalar waqıyalardı izbe-iz jaylastırıw, jaǵdaydıń dawamlılıǵın shamalaw sıyaqlı iskerlikler menen shuǵıllanadı. Sonday-aq, logikalıq oyınlar, basqatırmalar hám kúndelik tártip (mısalı, oyınshıqlardı saralaw yamasa awqatlanıw waqıtında járdem beriw) arqalı hám pikirlew kónlikpelerin bekkemlenedi.

Kópshilik toparlarda súwretli kartalar sıyaqlı vizual qurallar keń qollanıladı. Tárbiyashılar turaqlı ráwishte logikalıq iskerlikler menen shuǵıllanǵan balalarda ǵárezsiz hám toparda mashqalalardı sheshiw dárejesi birqansha rawajlanǵanlıǵın atap ótedi. Biraq, balalar rawajlanıw dárejesindegi parıqlardı inabatqa alıp, individual jantasıw zárúr bolıwı tárbiyashılar ushın qıyınshılıqlar keltirip shıǵarǵan.

Ámeliy shınıǵıwlar, toparlıq birge islesiw hám kontekstte mashqalalardı sheshiw sıyaqlı ulıwmalıq elementler balalarda logikalıq pikirlewdiń rawajlanıwın kúsheytedi. Izertlew nátiyjeleri logikalıq pikirlewge baǵdarlawshı shınıǵıwlardı tálim dástúrlerine integraciyalaw zárúr hám paydalı esaplanadı. Hárbir mámleket óziniń mádeniyatı hám bilimlendiriw filosofiyasına mas jantasıwlardan paydalanǵan bolsa da, barlıq sistemalar logikalıq pikir júrgiziw ushın qollap-quwatlawshı ortalıq jaratıwǵa baǵdarlanǵanlıǵın kóriwimiz múmkin.

**Juwmaq.** Xalqara mektepke shekemgi bilimlendiriw tájiriybeleriniń salıstırıw analizi arqalı, erte jastaǵı balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwda sistemalı shınıǵıwlar menen birge balalar baslamasına tiykarlanǵan izleniwler úlken áhmiyetke iye ekenligi kórinedi. Finlandiyanıń oyınǵa tiykarlanǵan modeli hám Singapur mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawındaǵı dúzilgen matematikalıq shınıǵıwlar logikalıq pikirlewdi qáliplestiriwde nátiyjeli usıllardıń biri ekenligin tastıyıqlaydı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw dáwirinde qáliplesken logikalıq kónlikpelerdiń keyingi basqıshlardaǵı oqıw jetiskenliklerine hám oylaw dárejesine nátiyjeli tásir kórsetiwin anıqlaw ushın jáne de izertlewler alıp barıw zárúrligi payda boladı. Sonday-aq, rawajlanıw dárejeleri boyınsha túrlishe bolǵan balalar ushın maslastırılǵan jantasıwlar islep shıǵıw hám olardı ámeliyatqa en jaydırıw boyınsha izertlewler alıp barıw kerekligin ayrıqsha atap ótiwimiz zárúr. Nátiyjede bul hárbir balaǵa óz rawajlanıw basqıshına say tárizde logikalıq pikirlew imkániyatın beredi.

**Ádebiyatlar**

1. Bondarevskaya E.V. Psychological and pedagogical foundations of early childhood education: Concepts and practice. Moscow State University Press. 2007.

2. Galperin P.Y. The psychology of thinking and problem-solving: Theoretical and applied aspects of education. Russian Academy of Education Press. 2011.

3. Davydov V.V. The content and methods of teaching children logic in preschool education. Pedagogical Institute of the Russian Academy of Education Press. 2003.

4. Elkonin D.B. Child development and early childhood education: Historical and theoretical perspectives. Moscow University Press. 2005.

5. Rubtsova O.V. The role of play in developing logical thinking in preschool children. Journal of Russian Preschool Education, 7(3), 91-100. 2016.

**REZYUME.** Maqolada Finlyandiya, Yaponiya, Italiya, Singapur va Buyuk Britaniya kabi mamlakatlarning maktabgacha ta'lim tizimlarida qo'llanilayotgan ilg'or amaliyotlar tahlil qilinadi. Ushbu mamlakatlar o'yin asosidagi ta'lim, tadqiqotga asoslangan loyihalar, mantiqiy o'yinlar va kichik yoshdagi matematik bilimlar tizimi kabi turli yondashuvlardan foydalanib, bolalarda mantiqiy fikrlash ko'nikmalarini shakllantirmoqda. Tadqiqot natijasi bolaga yo'naltirilgan ta'lim bilan pedagog boshqaruvi o'rtasidagi mutanosiblik mantiqiy tafakkurni samarali rivojlantirishda muhim ekanligini ko'rsatadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются передовые практики, применяемые в системах дошкольного образования таких стран, как Финляндия, Япония, Италия, Сингапур и Великобритания. Эти страны используют различные подходы, такие как обучение на основе игры, исследовательские проекты, логические игры и системы раннего математического образования, для формирования навыков логического мышления у детей. Результаты исследования показывают, что баланс между ориентированным на ребёнка обучением и педагогическим руководством имеет важное значение для эффективного развития логического мышления.

**SUMMARY.** This article analyzes advanced practices used in the preschool education systems of countries such as Finland, Japan, Italy, Singapore, and the United Kingdom. These countries employ various approaches such as play-based learning, research-based projects, logic games, and early childhood mathematics systems to foster logical thinking skills in children. The research results show that a balance between child-centered education and teacher guidance is essential for effectively developing logical thinking.

## ИНТЕГРАЦИЯ СЛОВЕСНОЙ, ИГРОВОЙ И ИЗОБРАЗИТЕЛЬНОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ В ПРОЦЕССЕ ФОРМИРОВАНИЯ СВЯЗНОЙ РЕЧИ МЛАДШИХ ШКОЛЬНИКОВ

**Г.А.Каллибекова** – *кандидат педагогических наук, доцент*
**А.П.Рейембаева** – *докторант*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

**Таянч сўзлар:** izchil nutq, integratsiya, og'zaki, o'yin va tasavvur harakatlari, ijodkorlik, muloqot qobiliyatlari, mantiq, grammatik to'g'rilik.

**Ключевые слова:** связная речь, интеграция, словесная, игровая и изобразительная деятельность, креативность, коммуникативные навыки, логика речи, грамматическая правильность.

**Key words:** coherent speech, integration, verbal, playing and visual activities, creativity, communication skills, speech logic, grammatical correctness.

**Введение.** Формирование связной речи младших школьников – один из важнейших процессов в их образовательном развитии, включающий не только освоение языковых норм и правил, но и развитие мыслительных процессов, креативности и личностной активности. На начальном этапе обучения связь между словесной, игровой и изобразительной деятельностью способствует более глубокому и многогранному восприятию языка. Взаимодействие этих видов деятельности позволяет улучшить восприятие речи, развивает творческие способности детей и способствует формированию их коммуникативных навыков.

Цель данной статьи — исследовать влияние интеграции словесной, игровой и изобразительной деятельности на процесс формирования связной речи младших школьников, а также рассмотреть эффективные методики и практические подходы, направленные на совершенствование этой деятельности.

**Связная речь как компонент развития личности младшего школьника**

Связная речь – это способность четко и логично передавать информацию, излагать свои мысли в последовательной и понятной форме. Этот компонент является основой для успешного общения, восприятия письменной и устной речи, а также для развития более сложных навыков мышления.

Для младших школьников развитие связной речи — это процесс, который затрагивает несколько аспектов:

- **Логика речи:** Умение выстраивать последовательные и логичные фразы, структурировать информацию.
- **Грамматическая правильность:** Применение правил грамматики для формирования правильных и понятных конструкций.
- **Эмоциональное восприятие речи:** Способность передавать свои чувства и эмоции через слова.
- **Социальная адаптация:** Умение взаимодействовать с окружающими, эффективно общаться с педагогами и сверстниками.

Формирование связной речи — это процесс не только языковой, но и когнитивной. Чем раньше ребенок начинает осваивать навыки самовыражения и общения, тем легче ему будет развивать более сложные виды речи в дальнейшем.

**Роль словесной деятельности в формировании связной речи**

Словесная деятельность в процессе формирования связной речи является основой для развития всех других форм активности. Этот процесс начинается с освоения фонетических, лексических и грамматических единиц языка. Однако ключевое значение имеет именно связное изложение мыслей, которое формируется через активные практики устного и письменного творчества.

Одним из наиболее эффективных методов формирования связной речи является **рассказ**, который обучает детей строить фразы и предложения в логической последовательности. В ходе такого упражнения дети учатся:

- Выстраивать повествование, соблюдая временную последовательность событий.
- Составлять предложения с правильным согласованием слов.
- Обогащать свою речь разнообразными лексическими единицами.

Рассказ может быть как личным (опыт ребенка), так и вымышленным, например, пересказ книги или изобретение собственного сюжета. Важно, чтобы ребенок